



Pwogram Grab and Go Bibliyotèk CRLS la pèmèt elèv ak pèsònèl yo pran epi retounen liv enprime bibliyotèk yo nan lekòl segondè a.

1 Mete yon liv annatant nan [katalòg bibliyotèk la.](#)

([Videyo Titoryèl](#))



2 Tann jiskaske ou resevwa yon imel soti nan bibliyotèk CRLS la ki di ke atik ou a pare pou vin chèche la.



3 Ale nan antre prensipal CRLS la nan nenpòt jou lekòl, 8 a.m. - 4 p.m.



Lokalize Tab Pickup la sou bò dwat la (akote Biwo Prensipal la) kote liv ou a pral nan yon sache papyè mawon ak non ou sou li.

4 Pran liv ou epi ale!



5 Retounen liv ou a nan nenpòt bwat Retou Liv Bibliyotèk CPS la.



Bwat yo chita nan antre prensipal CRLS la (akote Biwo Prensipal la) ak tout lòt lakou lekòl CPS.

Ou gen kesyon?



Voye yon imel bay pwofesè bibliyotèk yo:

Ms. Boninti: kboninti@cpsd.us

Ms. Houston: ehouston@cpsd.us

Kesyon Moun Poze Souvan

Q: Konbyen liv mwen ka prete epi pou konbyen tan?

A: Ou ka prete valè liv ou vle epi kenbe yo pandan 2 semèn

Q: Ki moun ki ka pran liv mwen mete annatant yo?

A: Oumenm, frè ak sè, paran, responsab, vwazen, zanmi, elatriye.

Q: E si mwen pa ka ale pran liv mwen an tousuit?

A: Si ou bezwen kèlke jou anvan ou ka jwenn liv ou a, pa enkyete w! Liv la pral disponib pou vin chèche pandan 2 semèn.

Q: Ki sa mwen bezwen pote ak mwen pou pran liv mwen an?

A: Sèlman yon mask! Ou pa bezwen yon ID lekòl oswa okenn lòt fòm ID. Sèlman vini.

Tab Pickup



Bwat Retou Liv Bibliyotèk nan CRLS

